

Piwulang sajrone Serat Wasita Basa

Jazilatul Rakhmah

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (zila.mozila@gmail.com)

Abstrak

Salah sawijine naskah kang nggunakake aksara Jawa sarta didadekake objek panliten iki yaiku *Serat Wasita Basa*. Naskah kasebut narik kawigaten kanggo diteliti amarga: sepisan, naskah iki durung ana kang nлити. Kapindho, minangka salah sawijine naskah lawas kang kudu diuri-uri, jalaran ngandhut nilai luhur. Kaping telu, ngemot piwulang becik kanggo mahami makna urip supaya bisa mangerteni sejatining titah utawa hakikat dhiri minangka makhluk Gusti.

Uderaning prekara kang pinilih sajroning panliten iki yaiku: (1) Kepriye deskripsi *Serat Wasita Basa*, (2) Kepriye suntingan teks *Serat Wasita Basa*, (3) Apa wae ajaran kang tinemu ing sajrone *Serat Wasita Basa* kang bisa dadi tuntunan urip bebrayan. Kanthi underaning panliten, mula bisa dijupuk ancasing panliten ing antarane: (1) Ngandharake deskripsi *Serat Wasita Basa*, (2) Ngandharake suntingan teks *Serat Wasita Basa*, (3) Ngandharake ajaran sajroning naskah *Serat Wasita Basa* kang bisa dadi tuntunan ing urip bebrayan.

Paedahing panliten iki utamane bisa nyinaoni ajaran kang kinandhut ing sajrone *Serat Wasita Basa*, mligine ajaran urip kang becik tumrap masyarakat Jawa supaya bisa dadi manungsa kang sampurna. Kajaba iku, panliten iki bisa nggampangake pamaos nalika nyinaoni *Serat Wasita Basa*, dadi pitutur kang ana ing sajroning *Serat Wasita Basa*, bisa dimangerteni dening pamaos kanthi gamblang.

Kanggo ngonceki isi naskah iki nggunakake konsep filologi, piwulang lan etika. Panliten iki nggunakake metode deskriptif analitik, sajrone kritik teks nggunakake pamarekan filologi modern kanthi edisi diplomatik. Teori kang digunakake yaiku teori *hermeneutika* kanthi napsirake makna kang ana sajrone teks. Data-data ing sajrone panliten iki dikumpulake kanthi teknik kapustakan kang nggunakake kartu pangumpul data sarta teknik cathet.

Asiling panliten nuduhake deskripsi naskah, suntingan teks, sarta ajaran sajroning *Serat Wasita Basa*. Saka asiling deskripsi naskah bisa mangerteni kahanane naskah isih wutuh lan aksarane cetha banget. Naskah iki kaperang ana 45 lembar, wujud gancaran lan ditulis tangan. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa anyar kang kacampuran tembung Kawi, tembung Sanskerta, lan tembung Arab.

Suntingan teks ditindakake kanthi pamarekan filologi moderen nggunakake edisi diplomatik. Trap-trapan kang ana sajroning suntingan yaiku lelandhesan transkripsi, asil suntingan, aparat kritik, komentar. Asiling suntingan teks *Serat Wasita Basa* ngasilake 41 tembung kang bisa dikritik, nanging kang diwenehi komentar 36.

Piwulang kang kinandhut sajroning *Serat Wasita Basa* iki kang ana sesambungane karo etikane wong Jawa yaiku kasampurnan, mula sajrone analisis iki diperang dadi telu, yaiku (1) piwulang kang gegayutan karo awake dhewe kaperang dadi 6 sub yaiku (a) hawa nepsu, (b) andhap asor, (c) budi luhur, (d) ngelmu, (e) ati-ati, lan (f) waskitha; (2) piwulang kang gegayutan karo masyarakat yaiku ngandharake ajaran ngenani guyub rukun. (3) piwulang kang gegayutan karo Pangeran kaperang dadi loro, yaiku (a) percaya, lan (b) mituhu.

Tembung wigati (kata kunci) : piwulang, serat, filologi

A. PURWAKA

Kasusastran minangka sawijining wujud *komunikasi* antarane karya, pangripta, lan pamaos (Ratna, 2004:297). Sesambungan antarane karya sastra, pangripta lan masyarakat ora bisa dipisahake. Karya sastra mujudake kaca benggala saka kedadeyan kang nyata sajroning panguripane manungsa. Rasa pangrasa kang tuwuh, bisa ngasilake panemu lan *imajinasi* kang mujudake sawijining karya sastra. Saka asil *imajinasi-ne* pangripta kasebut, karya sastra ngandhut nilai-nilai kang becik kayata nilai agama, sosial lan budaya kang bisa dadi panutan tumrap uripe manungsa.

Kasusastran kang katulis kanthi aksara Jawa lan aksara Pegon kasebut naskah. Naskah minangka wujud konkrit saka kabudayaan *ideal* kang ngemot ngenani

norma-norma, sistim nilai, pandoming urip lan sapiturute, lan uga dianut dening masyarakat nalika iku. Budaya ideal sajrone naskah kasebut nganti saiki akeh kang isih *relevan* yen diterapake sajrone panguripan (Suwarni,dkk. 2011:6).

Naskah Jawa akeh banget cacache. Naskah katitik saka asal tuwuhe, yaiku naskah kraton lan naskah pesisiran. Naskah kraton minangka asil kabudayaan Jawa kang ngrembaka ing lingkungan kraton Yogyakarta lan kraton Surakarta. Naskah pesisiran minangka asil kabudayaan Jawa kang ngrembaka ing laladan pesisir pulo Jawa (Koentjaraningrat, 1994: 26). Dideleng saka wujud, kaya kang wis diandharake mau naskah ana kang awujud gancaran utawa tembang (Djamaris, 2006:5). Dene, kandhutan sajrone naskah-naskah ing antarane yaiku ngenani piwulang, keagamaan, primbon lan

sapiturute kang ngandhut nilai luhur. Saben naskah mesthi nduweni tetenger lan ajaran (moral, agama, kautamaning urip, lan sapiturute). Naskah kang isine babagan piwulang kang kena kanggo tuntunane urip ing antarane yaiku *Serat Wasita Basa*.

Serat Wasita Basa kalebu salah sawijine naskah kraton kang awujud gancaran, nggunakake basa Jawa anyar kang gampang diwaca dening para pamaos, sarta tulisane isih katon cetha. Isi kang kinandhut sajrone serat iki ngenani piwulang-piwulang sarta ngandharake wateking manungsa kang kagambar ing aksara Jawa. Piwulang mau kanggo tuntunan bab solah bawa lan cara kang kudu dilakoni supaya bisa mangerteni sejatining titah utawa hakikat dhiri minangka makhluk Gusti Kang Maha Kuwasa (Purnama, 2011: 57).

Piwulang sajrone *Serat Wasita Basa* kang paling onja yaiku ngenani tata lakune manungsa kang kudu ditindakake saben manungsa kanthi tujuwan supaya bisa ngundhakake kualitas uripe. Kanthi pangarep-arep supaya bisa dadi manungsa kang utama, tegese nduweni budi kang luhur, nduweni harkat kamanungsan kang dhuwur. Mula saka iku, kahanan lan isine *Serat Wasita Basa* narik kawigaten kanggo diteliti jalaran piwulang iki nduweni sesambunga, kang raket karo nilai etis. Naskah kasebut narik kawigaten kanggo diteliti amarga: sepisan, naskah iki durung ana kang nлити. Kapindho, minangka salah sawijine naskah lawas kang kudu diuri-uri, jalaran ngandhut nilai luhur. Kaping telu, ngemot piwulang becik kanggo mahami makna urip supaya bisa mangerteni sejatining titah utawa hakikat dhiri minangka makhluk Gusti.

Panliten kanthi objek naskah *Serat Wasita Basa* iki nggunakake titingan filologi. Ing panliten iki, analisis *Serat Wasita Basa* bakal diandharake kanthi cara deskriptif. Saliyane iku uga digunakake kritik teks, supaya bisa ngasilake edisi ilmiah teks. Kritik teks ing panliten iki nggunakake prinsip filologi moderen supaya ngasilake teks kang murni lan ora ngowahi naskah asline. Panliten iki bakal dijlentrehake kanthi pambiyantu metodhe *deskriptif analitik* lan teori *hermeneutika* cocok kanggo lelandhesan nitingi karya sastra kalebu naskah *Serat Wasita Basa*, jalaran luwih nengenake penafsiran saka panliten. *Serat Wasita Basa* iki mbutuhake penafsiran kanggo mangerteni isine.

Gegayutan karo andharan mau, underaning prekara kang pinilih sajroning panliten iki yaiku: (1) Kepriye deskripsi *Serat Wasita Basa*, (2) Kepriye suntingan teks *Serat Wasita Basa*, (3) Apa wae ajaran kang tinemu ing sajrone *Serat Wasita Basa* kang bisa dadi tuntunan urip bebrayan. Kanthi underaning panliten, mula bisa dijupuk ancasing panliten ing antarane: (1) Ngandharake deskripsi *Serat Wasita Basa*, (2) Ngandharake suntingan teks *Serat Wasita Basa*, (3) Ngandharake ajaran sajroning

naskah *Serat Wasita Basa* kang bisa dadi tuntunan ing urip bebrayan.

Paedahing panliten iki utamane bisa nyinaoni ajaran kang kinandhut ing sajrone *Serat Wasita Basa*, mligine ajaran urip kang becik tumrap masyarakat Jawa supaya bisa dadi manungsa kang sampurna. Kajaba iku, panliten iki bisa nggampangake pamaos nalika nyinaoni *Serat Wasita Basa*, dadi pitutur kang ana ing sajroning *Serat Wasita Basa*, bisa dimangerteni dening pamaos kanthi gamblang.

B. METODHE

Panliten iki nggunakake metode deskriptif analitik. Metode *deskriptif analitik* mujudake sawenehing metode kang ditindakake kanthi deskripsikake cara kasunyatan-kasunyatan banjur diwenehi titingan (Ratna, 2004:53). Sumber data iki awujud naskah *Serat Wasita Basa* kang tinulis kanthi aksara Jawa. Data primer sajrone panliten *Serat Wasita Basa* awujud tembung utawa ukara

Data-data ing sajrone panliten iki dikumpulake kanthi teknik kapustakan kang nggunakake kartu pangumpul data sarta teknik cathet. Pangolahing data ing panliten iki kanthi trap-trapan maca naskah, ngandharake kahanan fisik naskah, transliterasi, nyunting teks, ngolah data kang gegayutan karo piwulang, banjur menehi dudutan.

C. ANDHARAN

1. Andharan Ngenani Naskah

Andharane naskah iki bakal njlentrehake deskripsi *Serat Wasita Basa*. Deskripsi naskah mujudake andharan ngenani sekabehe babagan kang gegayutan karo kahanane naskah. Trap-trapan deskripsi naskah iku gegayutan karo: irah-irahan naskah, papan panggonan nyimpen naskah, nomer naskah, asmane penganggit, bahane naskah, ukuran naskah lan cacah kaca, cacah gatra saben sakaca, jinise tulisan, kahanan tulisan, kahanane naskah, lan perangan liya kang gegayutan (Purnomo, 2007: 33-34).

a. Irah-irahane Naskah

Irah-irahane naskah digunakake kanggo ngarani titikane sawijining naskah. Irah-irahane naskah biasane kaserat ana ing bagiyang ngarep kang diarani manggala, utawa mburine naskah kang diarani kolofon. Ora kabeh naskah nduweni irah-irahan, naskah kang ora nduweni irah-irahan kudu ditemtokake dewe dening panliti saka isine naskah, pangripta, tema, andharan ing wiwitan, tenggah, lan pungkasan naskah, uga prakara liya-liyane kang bisa ngambarake isine naskah.

Naskah iki bisa diarani *Serat Wasita Basa* amarga ing wiwitan carita uga dijlentrehake ngenani irah-irahan kasebut.

Punika serat wasita basa, ing kina dipunwastani serat udaka wimba, kaetang ing taun candra sangkala angkaning warsa 1004. (larik1,kaca:1)

Tembung udaka ateges banyu, tuk (sumber). Wimba bisa ditegesi emper, kaya, Saengga bisa diaani yen udaka wimba nduweni teges kaya banyu mili. Saiki wis ora nggunakake tembung udaka wimba nanging nggunakake wasita basa. Tembung wasita bisa ditegesi ajaran. Adhedhasar katrangan ngenani irah-irahan kang wus cetha, bisa didudut yen naskah iki bisa menahi piwulangan.

Mula saka iku, *Serat Wasita Basa* iki kalebu naskah kang nduweni irah-irahan. Irah-irahan naskah kasebut cetha dumunung ana ing samak ngarep sarta manggala yen naskah iki irah-irahane *Serat Wasita Basa*.

b. Papan Panggonan Nyimpen Naskah

Naskah *Wasita Basa* iki ditemokake saka narasumber sing menahi naskah iki. Naskah iki minangka naskah pribadhi, kang diduweni dening mbah Yahyo. Mula naskah iki disimpen ana ing daleme Desa Tempursari RT.17, RW 4 Kecamatan Wungu, Madiun. Panjenengane anggone nyimpen naskah kanthi premati yaiku kasimpen ana ing lemari.

c. Nomer Naskah

Naskah *Serat Wasita Basa* iki ora nduweni nomer inventarisasi. Saka asale narasumber nemokake naskah wis ora ana nomere.

d. Panulis lan Wektu Panulisan Naskah

Penyalin naskah bisa diarani dadi panulis jalaran panulis kuwi nyalin lan nulis maneh *Serat Wasita Basa* kang wis ana sadurunge. Panulis naskah bisa diweruhi kanthi gamblang saka manggala, bisa uga ing kolofon naskah.

Punika serat wasita basa, ing kina dipunwastani serat udaka wimba, kaetang ing taun candra sangkala angkaning warsa 1004.

Tinengeran catur widikan barakan ing ratu, nalika mongsa palguna, Sri Maha Prabu Widayaka, inggih punika ingkang kasusran Maha Jisaka, Narendra binathara ing purwa carita, nuju latri lek purnama sidhi, saweg lalenggahan kalayan ari catur, kadhatengan utusanipun sang Hyang jagad wisesa,(kaca 1)

Ing wiwitan carita diwenehi katrangan yen naskah iki kaetung ing taun candra sangkala angkaning taun 1004. Ing manggala iki bisa diarani kang nyerat carita kawiwitan yaiku Prabu Widayaka kang diarani Maha Jisaka.

Yen digayutake antarane isi carita lan kahanane naskah, bisa dimangerteni yen naskah iki minangka naskah salinan. Mula, ing manggala lan kolofon *Serat Wasita Basa* kang diteliti iki ora ana katrangan kang cetha

ngenani panyalin naskah lan wektu panulise, saengga ora bisa dimangerteni sapa kang nyalin naskah iki sarta wektune.

e. Bahane Naskah

Bahan kertas naskah iku biyasane saka lontar, kulit kayu, kulit kewan, kertas lan sapiturute. Bahan naskah sing kaya mangkono mau kudu dirumat kanthi cara sing tartamtu, supaya bahan naskah bisa tetep apik. Naskah mau dirumat kanthi cara lan bahan kimia tartamtu.

Serat Wasita Basa iki bahane saka kertas, kertase kaya HVS wernane kertase rada coklat. Bahan *Serat Wasita Basa* iki kagolong apik. Ukuran kertas dawa kaya wujud kertas folio.

f. Ukuran Naskah lan Cacahe Kaca

No	Bab	Andharan
1.	Cacahe kaca	Sajrone naskah ora ana katrangan kang cetha ngenani kacane naskah, nanging naskah iki dumadi saka 45 lembar.
2.	Ukuran ndhuwur	Saka 45 lembar, 29 lembar: 2,5cm, 16 lembar: 4,5 cm
3.	Ukuran ngisor	16 lembar: 29 cm, 16 lembar: 2cm
4.	Ukuran tengen	1,5 cm
5.	Ukuran kiwa	2,7 cm
6.	Kandele naskah	0,6 cm
7.	Dawane kertas	32 cm
8.	Ambane kertas	21,5 cm
9.	Cacahe larik saben kaca	18 larik
10.	Dawane ukara saben larik	15 cm
11.	Ambane tulisan	0,5 cm

Saben kaca kang dumunung sajroning naskah *Serat Wasita Basa* nduweni ukuran ngisor lan ndhuwur naskah kang beda-beda, nanging kang paling akeh digunakake yaiku ukuran ndhuwur 2,5 cm lan ukuran ngisor 4 cm.

g. Tulisan Naskah (Aksara)

Kahanan tulisan ing *Serat Wasita Basa* isih cetha lan bisa kawaca kanthi gamblang, ora ana tulisan kang mblobor. Tulisan *Serat Wasita Basa* nganggo tulisan tangan, wujud tulisane jejeg lan rapi. Kanggo mangerteni ciri utawa tetenger ngenani tulisan aksara, panliten iki nggunakake pedoman saka Padmosoekotjo kang irah-irahane ‘Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa’. Saben tulisan tangan ing saben naskah mesthi beda-beda, mula pamaos kudu bisa mangerteni ciri saka pangripta.

h. **Kahanane Naskah**

Naskah *Serat Wasita Basa* minangka objek panliti iki, kanthi *fisik* kahanane isih wutuh, jalaran naskah iki kasimpen kanthi premati yaiku disimpen ana ing lemari sarta aksarane isih katon cetha banget. *Serat Wasita Basa* iki kasusun saka 45 lembar, nanging ing naskah ora ana nomere saengga panliti ngurutake adhedhasar lembaran. Yen dimangerteni saka isine, ing kaca 4 - 5 isi crita ora ana.

Serat Wasita Basa iki ditulis kanthi aksara Jawa kang awujud gancaran. Kahanan tulisan ing *Serat Wasita Basa* isih cetha lan bisa kawaca kanthi gamblang, ora ana tulisan kang mblobor. Panulis naskah iki nggunakake tinta warna ireng sarta nggunakake tulisan tangan kang rapi.

i. **Basane Naskah**

Basa kang digunakake ing *Serat Wasita Basa* iki yaiku basa Jawa anyar nanging kacampuran karo tembung Kawi, tembung Sanskerta lan tembung Arab. Basa utama kang digunakake kanggo ngandharake isine *Serat Wasita Basa* iki nggunakake basa Jawa anyar. Ing saperangan nggunakake tembung-tembung kawi, tembung sanskerta, lan tembung Arab.

j. **Isine Naskah**

Isine naskah ana gayutane karo carita Ajisaka yaiku ngenani 20 aksara carakan. Sajrone naskah, wiwitaning carita nyritakake ngenani anane panguripan saka kersane Gusti Kang Akarya Jagad. Sawise iku nyritakake ngenani manungsa kang urip ing alam bebrayan iki. Wiwit diciptakake titah manungsa nganti wanci bali menyang Pangeran. Saben aksara kang ana ing naskah iki nduweni makna lan wewatekan dhewe-dhewe, nanging sakabehe andharan ing naskah menahi piwulang marang tumindak sarta uripe mnungsa ing alam donya.

Ing kene manungsa kudu bisa mbenahi tumindake utawa bisa mangerteni apa kang kudu ditindakake lan apa kang kudu ditinggalake. Saka piulang-piwulang mau, mula ing panliten iki arep ngandharna piwulang kang gayutane karo etika sajrone *Serat Wasita Basa*. Andharan ngenani piwulang sajrone *Serat Wasita Basa* kanthi gamblang bakal diandharake ing bab sabanjure.

2. **Suntingan Teks**

Kaya andharan sadurunge, suntingan naskah mujudake pakaryan nyunting Suntingan yaiku asil pakaryan nyunting utawa ngedit. Suntingan teks kang diandharake mujudake asil transliterasi saka Serat Wasita Basa. Sajrone suntingan teks ana sawetara tatacara kang kudu ditindakake kayata: lelandhesaning suntingan teks, asiling suntingan teks, aparat kritik, lan komentar.

a. **Lelandhesaning Suntingan Teks**

Lelandhesaning suntingan teks ngandharake perangan dhasar tembung lan tandha kang digunakake

ing suntingan teks *Serat Wasita Basa*. Lelandhesan mau ing antarane:

- 1) Aksara murda digunakake kanggo miwiti ukara lan jeneng.
- 2) Tandha-tandha kang digunakake ing suntingan teks:
 - (a) / digunakake kanggo tandha koma
 - (b) [] digunakake kanggo tembung kang ora bisa diwaca amarga rusak
 - (c) // digunakake kanggo mungkasi ukara
 - (d) { } tembung ditulis luwih saka satembung ing pangonan kang runtut
 - (e) Tandha garis ngisor _____ digunakake kanggo tembung kang bakal diwenehi komentar.

b. **Asil Suntingan Teks**

Asiling transliterasi tulisan aksara Jawa sajrone *Serat Wasita Basa* iki bakal disunting adhedhasar perangan kaca kang ana sajroning naskah.

Kaca 1

Punika serat wasita basa/ ing kina dipunwastani serat udaka wimba¹/kaetang ing taun candra sangkala angkaning warsa 1004//

Tinengeran catur widikan barakan ing ratu/ nalika mongsa palguna/ Sri Maha Prabu Widayaka²/

Kaca 2

Ong ywang ywang yoganing ngulun, saliring dumadi dadi saka kawasaning sun// Tar len³ kahananing titah muhung Hyang Maha Wisesa kang kawasa andadekaken// Myang amurba misesa sesining jagad raya/ yekti tan lwan⁴ saka dwi dasa liga/ rupak rumpiling lajan lokama alamun sira tan wruha//

Kaca 3

han anraras⁵ rahsa ingkang karasa/ satemah para pujangga catur wau ajrih manawi anyupet tapa manggih/ wasana winutahaken sadaya saraosing manah//

Kaca 4

ring dumadi dadi saka kawasaning sun// Tar len kahananing titah muhung⁶ kang maha wisesa, kawasa andadekaken myang amurba misesa sesining jagad raya/...../ kang nganakaken para sipat iki kabeh// Kanyatahanne⁷ kabeh iku uripe saka Hyang maha kawasa//

Kaca 6

punika kijat⁸ toya ebum// Watak sugih rijeki/ kalih kijat guntur/ watak boros//Tiga kijab latu watak larang anak//..... Panengran aksara DA dipunwastani poncasonna/ tegesipun gesang kang gangsal prakawis//1) Gesang saking bumi/ 2) Gesang saking latu/ 3) Gesang saking ngangin⁹/ 4) Gesang saking toya/ 5)Gesang saking surya

Kaca 7

Panengran aksara ta dipunwastani poncasura/ tegesipun kawanen prakawis// **Ngangsal**¹⁰ prakawis 1)Purun malarat/ 2) Purun wirang/ 3) Purun tapa/ 4) Purun sakit/ 5) Purun pejah//

c. Aparat Kritik

Aparat kritik tujuwane kanggo mangerteni wujud teks kang luput lan bener, adhedhasar makna kang kinandhut sajroning teks. Kanggo ngarani teks kang ana sajroning naskah lan suntingan teks, sajrone aparat kritik iki digunakake singkatan supaya luwih ringkes, yaiku:

Naskah (N) : Tembung kang ana sajroning naskah
Suntingan (S) : Asiling suntingan teks aka tembung kang ana ing naskah mau

No	Naskah (N)	Suntingan (S)
1	udaka wimba	Udaka wimba
2	widayaka	widayaka
3	tarlen	tarlen
4	tan lwan	tanlyan
5	angraras	pangraras
6	muhung	mung
7	kanyatahane	kanyatane
8	kijat	kijab
9	ngangin	angin
10	ngangsal	gangsal

d. Komentar

Ora kabeh tembung lan ukara kang ana ing teks diwenehi komentar, jalaran komentar kang diwenehi adedasar saka tembung tertamtu kang narik kawigaten lan pangertene panliti. Komentar saka asil suntingan teks *Serat Wasita Basa* kang diandharake urut karo nomer kang kapacak ing suntingan.

1. Tembung “udaka wimba” dipilih dadi suntingan udu ngenani kakluwane nanging dipilih adhedhasar maknane kang narik kawigaten. Tembung udaka ateges banyu, tuk (sumber), wimba ateges kaya (kamus Basa Jawa, 2011). Tembung kasebut digunakake minangka irah-irahan ngenani serat iki kang saiki diarani Wasita Basa. saka teges tembung kasebut bisa dimangerteni yen naskah iki minangka sumber kanggo piwulangan tumrap uripe manungsa.
2. Tembung “widayaka” miturut kamus Basa Jawa (2011:781) ateges wong sing pinter. Mula ing kene Ajisaka diarani Prabu Widayaka jalaran nduweni kapinteran.
3. Tembung “tarlen”, miturut kamus kawi (2000) tembung *tar* ateges ora lan tembung *len* ateges liya. Tembung *tar* asale saka tembung *tan* kang tegese ora. Dadi, antarane *tar* lan *tan* nduweni teges ora.

4. Tembung “tanlyan” dipilih dadi suntingan jalaran kaserat *tanlyan* kang ateges ora liya. Mula, tembung *tanlyan* nduweni teges kang padha karo *tarlen*.
5. Tembung “angraras” diganti dadi tembung *pangraras*, jalaran tembung-tembung kang ana ing ukara sadurunge utawa sawise nggunakake tembung *pangraras*. Tembung *pangraras* asale saka tembung *raras* kang ateges rasa (Kamus Basa Jawa. 2011:608).
6. Tembung “muhung” dipilih dadi suntingan teks jalaran bisa ditegesi among utawa mung saengga bisa laras karo ukarane yen mung pangeran kang kuwasa ndadekake saising jagad. *Tar len kahananing titah muhung kang maha wisesa, kawasa andadekaken myang amurba misesa sesining jagad raya*
7. Tembung “kanyatahane” samestine diganti dadi *kanyatane*. Yen tembung *kanyatahane* isih kurang trep, saengga bisa diganti nggunakake tembung *kanyatane*.
8. Tembung “kijat”, kang dipilih ing suntingan teks jalaran tembung kurang bener. Samestine tembung ‘*kijab*’ ateges panutup. Mula, yen nggunakake tembung *kijat* sajrone ukara isih kurang trep.
9. Tembung “ngangin” samestine kaserat *angin*, nanging ing naskah diserat *ngangin*. Yen nggunakake tembung *ngangin*, ing ukarane naskah kurang trep amarga ing naskah ngandharake ngenani aji-ajian kang nggarai luput teka pati. Kaya ing ukara iki *gesang saking bumi, gesang saking latu, gesang saking ngangin, gesang saking toya, gesang saking surya*. Mula luhih trep nggunakake tembung *angina*.
10. Tembung *gangsal* dipilih ing suntingan, jalaran tembung *ngangsal* ora trep karo ukara kang nyebutake cacah. Kaya ing ukara sajrone naskah *Panengran aksara ta dipunwastani poncasura tegesipun kawanen prakawis Ngangsal prakawis 1)Purun malarat 2) Purun wirang 3) Purun tapa 4) Purun sakit 5) Purun pejah*. Mula luwih trep nggunakake tembung *gangsal*.

3. Piwulang Sajrone Serat Wasita Basa

Sajrone bab iki diandharake ngenani piwulang-piwulang kang kinandhut sajrone *Serat Wasita Basa* kang gegayutan karo etikane wong Jawa. Piwulang mau gegayutan karo awake dhewe, sosial lan Gusti Allah. Piwulang-piwulang kang ana ing serat iki diperang miturut andharan mau. Piwulang kang kalebu gegayutan karo awake dhewe yaiku meper hawa nepsu, tansah andhap asor, nduweni sikap budi luhur, ngelmu, ngati-ati

lan tansah waskitha. Dene kang gegayutan karo masyarakat utawa sosial iku ngrembug ngenani manungsa supaya tansah guyub rukun. Kang pungkasan yaiku ngrembug ngenani ajaran kang gegayutan karo Pangeran utawa Gusti yaiku piwulang supaya percaya, lan mituhu. Mula, piwulang-piwulang mau, dijlentrehake kanthi rowa ing andharan sabanjure, supaya luwih bisa dimangerteni.

a. Piwulang kang Gegayutan karo Awake Dhewe

Wong Jawa nduweni aturan utawa tata krama kang bisa didadekake panutan tumrap manungsa supaya bisa dadi manungsa kang sampurna. Becik alane tumindake manungsa (individu) bisa kagambar saka sikap. Sikap kang anteng, andhap asor, jatmika lan sapiturute bisa nuduhake kapribadene manungsa. Manungsa bisa dadi manungsa kang sampurna yen bisa tumindak kang becik kaya kang kababar mangkene.

(1) Hawa Nepsu

Miturut anggepane wong Jawa, *hawa* iku ateges rasa wegah nindakake samubarang laku kang asipat nyedhak marang sipat taat (marang Gusti Allah Kang Maha Asih). Dene *nepsu* ateges semangat kanggo nindakake laku maksiyat (Tanpoaran, 1988:127). Tumrap wong Jawa, meper utawa ngendhaleni hawa nepsu dadi salah sijine laku tumuju dadi manungsa kang utama.

Supaya bisa meper hawa nepsu iku kudu kanthi cara mindhahake hawa marang nepsu lan suwalike, mindhah nepsu marang hawa. Tegese, rasa wegah nindakake parentahe Gusti Kang Maha Asih dipindhah menyang wewengkon nepsu. Saengga kang tuwuh sabanjure rasa wegah nindakake laku maksiyat. Suwalike, semangat kanggo nglakoni tumindak maksiyat (nepsu) dipindhah menyang wewengkon hawa. Saengga kang tuwuh lan ngrembaka arupa semangat nindhake kabeh prentahe Pangeran (Kumitir, 2008)

Andharan ngenani hawa nepsu hakikat bisa kawawas ing sajrone *Serat Wasita Basa* kayata:

Panengran aksara THA dipunwastani poncagati, tegesipun, nepsu gangsal prakawis. 1) Nepsu garda, saking panariking cahya abrit. Inggih punika nepsu amarah 2) Nepsu weya, saking panariking cahya cemeng, inggih punika Nepsu aluamah, 3) Nepsu warga, saking panariking cahya jenar, inggih punika nepsu supiyah, 4) Nepsu jatmika, saking panariking cahya pethak, inggih punika nepsu mutmainnah, 5) Nepsu rewa, inggih punika cahya monca warni, titikan makaten punika watak remen. Salenca ing panggalih, mratandhani boten juwajuh ing budi,..... (kaca 16-17)

Saka andharan ing ndhuwur, bisa dimangerteni yen nepsu-nepsune manungsa disimbolake lumantar cahya. Cahya abang nggambarake nepsu amarah. Cahya ireng nggambarake nepsu aluwamah, cahya kuning yaiku

nepsu supiyah, cahya putih nggambarake nepsu mutmainnah. Andharan kang luwih mligi kaya ing ngisor iki.

.....Nepsu garda, saking panariking cahya abrit. Inggih punika nepsu amarah.....(larik :7, kaca :16)

Tembung *garda* (Kamus Basa Jawa, 2011:207) ing cuplikan kasebut nduweni teges pepenginan. Pepenginan digambarake minangka cahya abang kang diarani nepsu amarah. Mula ing kene bisa ditafsirake yen amarahe manungsa iki minangka pepenginane manungsa tumrap samubarang.

.....Nepsu weya, saking panariking cahya cemeng, inggih punika Nepsu aluamah.....(larik:8, kaca :16)

Miturut kamus Kawi anggitane Ranggawarsita, tembung *weya* nduweni teges kendho, andaleya. Kendho ing kene ateges ora mepeng. Mula ing nepsu aluamah iki minangka nepsune manungsa kang mung nyenengake awak.

.....Nepsu warga, saking panariking cahya jenar, inggih punika nepsu supiyah,.....(larik:1, kaca:17)

Nepsu warga ateges nepsu kang diduweni manungsa kanggo manungsa liyane yaiku rasa marang sanak sedulur, golongan, jinis. Bisa diarani kaya mangkono amarga tembung *warga* ing kene nduweni teges sanak sedulur, golongan utawa jinis. Mula nepsu supiyah iki gayutan karo rasa tresna manungsa siji marang manungsa liyane, kang kerep diarani nepsu seks.

.....Nepsu jatmika, saking panariking cahya pethak, inggih punika nepsu mutmainnah.....(larik:2, kaca:17)

Tembung *jatmika* ateges tansah nganggo trapsila tumrap klakuwan (Kamus Basa Jawa, 2009:286). Mula ing nepsu mutmainnah digambarake kanthi cahya putih kang ateges suci, saengga cahya iki bakal tumuju ing kasucene wong urip, jalaran wong kasebut tansah nggunakake trapsila tumrap tumindake.

Andharan sajrone *Serat Wasita Basa* uga cundhuk karo andharan kang diwedharake Endraswara sajrone buku seratan kang irah-irahan '*Agama Jawa*'. Cahya abang nggambarake nepsu amarah. Nepsu amarah nggodha manungsa supaya bisa nguwasani wong liya. Wong kang kena godhane nepsu iki biyasane pengin menang dhewe, jalaran ngasorake wong kang ana ing sakiwatengene. Kanggo njaga supaya wong kasebut ora dikuwasani dening nepsu amarah, mula kudu nduweni sikap rereh ririh ngati-ati.

Simbol cahya ireng iki nggambarake nepsu aluwamah. Yen wong kangelan ngendhaleni nepsu aluwamah tuwuh nganti linuwih, uripe kaya paraga Kumbakarna kang dremba. Wong kang mung mburu

kasenangan badaniah, biyasane angel tumindak kang karoban karo budi pakerti. Mula yen bisa ngendhaleni mangan, uripe bisa luwih saras. Dene nepsu kang disimbolake cahya kuning yaiku nepsu supiyah. Nepsu iki utamane gegayutan karo seks. Nepsu iki diekspresikake sajrone uripe wong Jawa yaiku senenge saklentheng, rekasane sarendheng. Tegese kasenegane mung sawetara nanging kasangsarane salawase. Nepsu supiah iki luwih nengenake kasenangan donya. Mula yen nepsu iki diumbar, bisa nggawa manungsa marang kanisthan.

Nepsu jatmika utawa kang diarani mutmainah iki disimbolake kanthi cahya putih. Nepsu iki tumuju marang kesucening urip, lan uga titikaning Dzating Pangeran. Napsu mutmainah iki minangka pembimbing saka tetelu nepsu mau. Mula soroting nepsu mutmainah iki bisa ngendhalekake nepsu aluwamah, nepsu supiah, lan nepsu amarah. Dene kang nepsu rewa disimbolake kanthi cahya kang maneka warna, saengga mratandhani yen ora menang ing budi.

Mula babagan ngenani nepsu-nepsune manungsa kaya kang kababar mau, bisa digunakake minangka piranti kang ngukur kapribadene dhewe-dhewe. Andharan kasebut minangka piwulang ngenani meper hawa nepsu iki bisa dadi patuladhan tumrap tumindake manungsa, supaya bisa dadi manungsa kang becik.

(2) Andhap Asor

Tata krama yaiku etika urip bebrayan kang kudu bisa ditrima dening saben warga utawa masyarakat, sikap kang bisa nata awak menyang tata krama kang ngrembaka ing bebrayan yaiku andhap asor. Sikap iki kang samesthine bisa diduweni dening saben manungsa, jalaran sikap kasebut bisa ndadekake uripe manungsa tansah tentrem sajrone bebrayan.

Manungsa bisa diarani nduweni sipat andhap asor, yen bisa nggawa awak kanthi sopan santun lan sumeh sajrone urip bebrayan. Kanthi sipat andhap asor ing urip bebrayan, mula kita diajab bisa ngregani sawijine tumindak kanthi bisa mangerteni anane awake dhewe. Rasa andhap asor kang kaya mangkono iku, uga kagambar ana sajrone Serat Wasita Basa kang kawawas kaya ing ngisor iki.

Aksara GA dipunkeratani gelah-gelah mangiket matelung rante, tegesipun awon sanget ananging sumerep alitipun. Pralambangipun malih ing jagad sawegung widadara widadari, tegesipun andhap asor jalu estri watak suyut ajrih dhateng sasami. Pikajengipun sing sapa weruh ing ngasore sarta lupute, sasat tobat rina wengi marang pangerane. Tiyang andhap asor wani ngalah punika dumunung papethinganing ambeg utama, awit watak alus jembar budinipun.... (kaca 40)

Tembung *rante* samesthine tembung ranti (Kamus Basa Jawa, 2011:607) ateges araning wit sing wohe saemper tomat cilik-cilik. Saka andharan mau, *mangiket matelung ranti* sejatine minangka simbol. Ranti kang matelung kahanane ndhingkluk kaya wong kang sumungkem. Mula ing kene uga digambarake sakabehe widadara lan widadari, kang tansah andhap asor lanang lan wadon padha sumungkem ndhingkluk marang sapa-dha-padha.

Kekarepan ing kene, saben manungsa kudu bisa mangerteni ngisor lan lupute, sarta tansah manambah utawa tobat marang pangereane. Wong kang nduweni rasa andhap asor iki wani ngalah sarta ngerti mbedakake endi kang dianggep becik lan endi kang dianggep ala. Sikap kang kaya mangkene iki nduweni watek kang utama, awit watek kang alus jembar budinipun. Watek utawa sikap iki biyasane cepak kabegyan, nanging nalikane ing perang kerep dadi paraga kang kalah utawa dadi titindhah.

Piwulang kang diandharake lumantar aksara ga uga becik tumrap tumindake manungsa ing alam bebrayan iki. Mligine masyarakat Jawa kang nduweni etika nalikane ing bebrayan, salah sawijine yaiku tansah andhap asor. Mula, wedharan saka aksara GA iki bisa dadi tuntunan tumrap uripe manungsa ing alam bebrayan.

(3) Budi luhur

Kang diarani budi luhur yaiku sipat becik kang ana ing sawijine wong (Hadiatmaja, 2011:56). Ing wong Jawa kadhang diarani *narima ing pandum* yaiku nrima kanthi rasa syukur apa kang diwenehake dening Pangeran. Saliyane iku kang bisa kalebu ing budi luhur iki yaiku bisa ngendhaleni sipat kang ala, kayata drengki, srei, meri lan liya-liyane kang gegayutan karo medharake kalane wong liya lan mamerake dheweke kang paling becik.

Serat Wasita Basa saperangan uga ngambarake ngenani sikap kang luhur, kang samesthine diduweni dening manungsa kabeh. Ing naskah iki kang diandharake kayata sikap kang narima. Cuplikan sajrone naskah ing ngisor.

Panengran aksara TA dipunwastani poncasura, tegesipun kawanen prakawis. ngangsul prakawis:1)Purun malarat, 2) Purun wirang, 3) Purun tapa, 4) Purun sakit, 5) Purun pejah. Gangsal prakawis wau manawi dados watak langkung prayogi, nanging kedah maring kasantosaning budi, pribadi ingkang nyarengi wahyaning mongsa kala, jalaran makaten punika pangluluh ing ngagesang....(kaca 7)

Saka cuplikan ing ndhuwur diandharake lumantar lambang pancasura. Sura ateges wani, saengga ing kene diwedharake ngenani limang prekara kang gegayutan karo kawanen.

Ing kene tembung purun ateges gelem (Kamus Basa Jawa, 2011:596). Gelem iki uga bisa diarani narima apa kang diwenehake dening Pangeran. Mula limang prekara kang sepisan, purun mlarat ateges gelem narima kahanan kang diwenehake dening Gusti yaiku mlarat. Gelem urip kanthi kawirangan, gelem nembah marang gusti, gelem diwenehi lara sarta gelem mati. Kabeh mau minangka sikap narima apa wae kang diwenehake dening Pangeran marang kita.

Saka limang prekara mau yen diduweni utawa dadi wateke manungsa, luwih prayogi, nanging kudu bisa menahi kasantosaning budi, pribadi kang mbarengi wektu mangsa kala, jalaran kahanan kang kaya mangkono bisa dadi pangluluhing urip bebrayan.

(4) Ngelmu

Saben manungsa kang urip ing alam donya diwajibake kanggo sinau utawa kang diarani ngangsu kawruh. Kawruh utawa ilmu pengetahuan minangka asil pamikir. Kawruh ing kene ditegesi minangka sawijine cara kanggo mangerteni Pangeran kanthi jero. Dene cara kanggo mangerteni Pangeran kang tanpa guru utawa tanpa buku, nanging kanthi langsung nganggep yen Pangeran iku gesang sarta maha weruh diarani ngelmu.

Manungsa dituntut kanggo ngelmu supaya bisa mangerteni Pangerane. Anggene manungsa nindakake ngelmu, bisa lumantar panca indera. Panca indera ing kene digolongake dadi panca indera kang sabener lan mata batin. Panca indera kaya andharan kasebut kababar ing cuplikan kaya ing ngisor iki

Panengran aksara BA dipunwastani poncamana, tegesipun premana gangsal prakawis. 1) Dipunwastani paningal, 2) Panwulu, 3) Pandeleng, 4) Uninga, 5) Pangansi, pikajenganipun ingkang gadhah aksara ba wau asring waskitha ing budi, wijiwanipun makaten. Paningal punika kang kawistaran ing netra, Pandulu punika pawasaning netra, pandeleng punika kasat mata saking palek. Uninga punika awasing budi, pangaksi punika sumereb aben najeng.....(kaca 16)

Tembung Pancamana ditegesi minangka terang utawa awas pandelenge limang prekara (Kamus Kawi, 2000:198). Sepisan diarani paningal ateges mripat, saengga paningal iki kalebu sajrone panca indera kang satemene (nyata). *Paningal punika kang kawistaran ing netra*, mula saka cuplikan kasebut bisa dimangerteni yen paningal iki kang katon cetha ing mripat.

Pandulu punika pawasaning netra. Pandulu uga bisa ditegesi minangka paningal, nanging beda kaya prekara kang sepisan. Pandulu iki minangka wasananing mripat, dadi bisa diarani minangka kang abstrak. *Pandeleng punika kasat mata saking palek*. Pandeleng dimangerteni kanthi langsung utawi kasat mata saka kang diweruhi. *Uninga punika awasing budi*. Uninga ateges

weruh utawa ngerti, mula iki bisa ndadeake waskitha ing budi. Dene kang pungkasan yaiku *pangaksi punika sumereb aben najeng*. Pangaksi ateges paningal, mula ing prekara iki bisa mangerteni saben kekarepan, kang ana sesambungane karo kang abstrak.

Limang bab kasebut pancen ngrembag ngenani paningal, nanging sejatine antarane paningal siji lan sijine nduweni tujuwan utawa makna tartamtu. Mula yen disawang katon padha, nanging sejatine beda. Saka iki bisa kalebu ngelmu jalaran ngandhut makna kang ana gayutane karo tumanggape uga bisa landhepe pangrasa (peka) manungsa marang kahanan utawa marang Pangeran.

.....nalika tumurunipun jawata ponca, mawi andhawuhaken kadosa ing ngandhap punika, Ywan kita yun, manguyu wahyu kang nyata itarlen sira nahen ring panekungan ta, kang ngabda wirwari babahan awasa sanga, byak kawistara, myang pralambangan aksara dwi dasa liga, ywatan yun uninga, Teges saha pikajengipun, yen sira arep ninitik kang dadi tandhaning aksara sapta swara i kanthiya kang bisa nutupi awaning babahan awasa sanga, ing sajroning panekungan, nyirnakno poncadriya, matiya sajroning urip. Ing kono katon pipating : i, sajati, lan ngawru...(kaca 25)

Saka cuplikan mau, yen kita nduwe kekarepan kanggo nggayuh kang nyata, ora liya yaiku kudu bisa nahan nalikane semedi utawa ngeningake cipta. Mula bisa ditegesi lan dimangerteni kekarepane, yen arep ngarani kang dadi tandhaning aksara swara pitu kanthiya bisa nutupi dalan karep awasa sanga. Sajroning semedi utawa ngeningake cipta, bisa nyirnakno pancadriya yaiku matiya sajroning urip. Karep saka matiya sajroning urip kasebut yaiku manungsa kudu bisa ngeningake cipta utawa meneng kaya wong kang mati nanging sejatine kita isih urip ing bebrayan. Saengga ing kono bisa katon yen sipating I sajati lan ngawruh kang bisa ateges ngelmu.

(5) Ati-ati

Ngati-ati yaiku nindakake kanthi weweka, ora sembrana. Kita urip ana ing donya dikarepake supaya bisa ngati-ati marang samubarang tumindak supaya bisa slamet. Ngati-ati ing kene bisa ateges ngurangi utawa nyuda saengga bisa luwih waspada anggene tumindak utawa ngadhepi kaanan.

Cuplikan kang nggambarake ngati-ati amrih slamet lumantar panca indera kababar kaya ing ngisor iki.

Panengran aksara sa dipunwastani poncasuda, tegesipun suda gangsal prakawis. 1) Sudaning paningal, 2) Sudaning pamireng, 3) Sudaning pamiraos, 4) Sudaning badan, 5) Sudaning ngotot. Mila dipunbasakaken suda wau kirang,.....(kaca 8)

Pancasuda miturut kamus basa Jawa (2009:524) ateges arane petungan pasatoan. Ing kene pancasuda minangka limang kekurangan utawa suda limang prekara. Panyuda kasebut lumantar panca inderane manungsa. Sepisan, diarani *Sudaning paningal* ateges panyudane alat indera yaiku mripat. Paningal digunakake kanthi samesthine, ora digunakake kanggo ndeleng kang ora migunani. Saliyane iku, paningal iki wus wiwit suda gunane utawa kemampuwane. Kaping pindho, *Sudaning pamireng*, ateges sudaning panca indera yaiku kuping minangka piranti kanggo ngrungokake. Kagunane pamireng kang linuwih kudu disuda saka biyasane amrih bisa dadi kang becik. Mula kudu ngati-ati anggone nggunakake panca indera.

Pancasuda kang nomer telu yaiku *Sudaning pamiraos*. Pamirasa kang ana ing manungsa wus kurang, saengga ora miguna kaya samesthine. Nalikane pamirasa kang diduweni dening manungsa iki wis wiwit suda, mula kita kudu tansah ngati-ati amrih becike. *Sudaning badan* minangka panyudaning awak utawa ing masyarakat bisa diarani gembunge manungsa. Awake manungsa saya suwe saya suda pigunane. Dene kang pungkasan diarani *Sudaning ngotot* yaiku sudaning rasa karosan kang ana ing awake manungsa.

ing kang katitik aksara sapunika, kedah angatos-atos sabarang budi, manawi dumadi jalu teka langkung prayogi, awit saget ambirat ing kang katondha ing ngriku, miwah bangkit karya paripurnaning kahanan mulya. Temah antuk sawarga..... (kaca 8)

Saka cuplikan ing ndhuwur, diandharake yen kang nduweni watek kaya aksara sa kudu ngati-ati ing samubarang budi utawa pamikir. Manawi bisa ngati-ati kaya kang wis diandharake, bisa luwih prayoga utawa becik amrih bisa nyirnakake kang katenger ing kunu. Sarta bisa karya ing paripurna dadi kahanan kang mulya. Yen wus bisa kaya mangkono, ing wasana bakal antuk swarga.

(6) Waskitha

Waskitha ing kene minangka tumanggape utawa kapekane pandelenge indera lan batin. Saben manungsa Jawa dituntut supaya nduweni kawaskithan lan dadi manungsa kang waskitha sajroning uriplan panguripane (Saryono, 2011:67). Kanggo bisa nggayuh drajat kawaskithan lan manungsa kang waskitha iki, kudu nduweni sikap tanggap ing sasmita lan bisa nguwasai sasmitaning urip.

Tumanggape pandelenge indera lan batin kang kababar ing sajrone *Serat Wasita Basa* yaiku diwedharake kaya ing cuplikan ngisor iki.

Panengran aksara ka dipunwastani poncadriya, tegesipun paningaling budi gangsal, 1) Paningaling netra, 2) Pamireng, 3) Pagonda, 4) Pamicara, 5)

Pangrasa. Pikajengipun manawi katitik ing kang mawi aksara KA, adat kadunungan waskitha, utawi lantip dados sugih kawignyan.....(kaca 6)

Cuplikan kasebut ngandharake yen aksara KA uga ngandhut ngenani kawaskithane manungsa kang becik. Saka limang paningale budi kasebut, diwedharake lumantar inderane manungsa, yaiku saka mripat, kuping, irung, cangkem, lan kulit. Mula, aksara ka iki bisa kalebu ing waskitha jalaran watek kang katitik aksara iki bisa weruh marang prekara sing sinawur batine wong. Manungsa kang kadunungan watek kaya mangkene ateges nduweni pamikiran kang landhep saengga bisa dadi sugih kapinteran, saengga manungsa diajab supaya tansah waskitha.

Andharan kang kababar ing mau uga sarujuk karo panemune Saryono kang ngandharake ngenani nilai kawaskithan sajrone nilai kasampurnan. Ing *serat Wasita Basa* bisa diandharake sethithik ngenani panca inderane manungsa, nanging ing bukune Saryono kang irah-irahane Sosok Nilai Budaya Jawa terbitan taun 2011, diandharake ngenani kawaskithan manungsa Jawa kanthi umum.

b. Piwulang kang Gegayutan karo Masyarakat

Ing urip bebrayan, masyarakat diatur lan diwatesi dening kaidah-kaidah lan norma-norma sosial kang wus dimupakati. Ayem tentreme kahanan masyarakat gumantung masyarakat kang ana ing lingkungan kasebut. bisa ndadekake kahanan kaya mangkono kudu nduwe landhesan yaiku prinsip guyub rukun.

(1) Guyub Rukun

Prinsip guyub rukun nduweni tujuwan kanggo njaga anane kaselarasan sajrone sesambungan karo masyarakat (sosial). Rukun ateges ana ing kahanan kang slaras, tenang, tentrem tanpa ana selisih (Hadiatmaja, 2011:42). Guyub rukun ing masyarakat Jawa umume kawangun saka budaya lokal kang luwih nengenake sikap kang guyub rukun sajone urip bebrayan.

Andharan kang kaya mangkono uga kababar ing sajrone *Serat Wasita Basa*. Cuplikan kaya ing ngisor iki.

Panengran aksara swara :U: dipunwastani poncayekti, tegesipun temen gangsal prakawis. 1) Tetep, 2) Idhep, 3) Sapeket, 4) Rumaket, 5) Mantep. Punika mratandani ing watak darana, sumereb dhateng pangeranipun... (kaca 20)

Saka cuplikan ing ndhuwur, aksara swara U diarani pancayekti. Yekti tegese temen (Kamus Basa Jawa, 2009:792). Mula ing aksara iki andharane ngenani temen limang prekara. Sepisan, tetep ateges ora owah. Kaping pindho idhep kang ateges weruh, rasane ati, pikiran. Kaping telu, diarani sapeket ateges raket anggone memitran (sesanakan). Kaping papat, rumaket ateges cedhak banget. Dene kang pungkasan yaiku mantep, ateges ora mangu-mangu.

Saka limang prekara kang wus diandharake mau bisa dimangerteni yen aksara kasebut ngemot piwulang supaya tansah guyub rukun ana ing masyarakat, mligine masyarakat Jawa. Saka prekara kang kapisan nganti pungkasan nggambarake anane sesambungan saben-saben bab kasebut. Mula ing kene, digambarake watak kang darana utawa santosa, bisa mangerteni Pangerane.

Andharan kang wus kababar kasebut, uga disengkuyung saka cuplikan ing *Serat Wasita Basa* ngenani piwulang kang becik kang gegayutan karo guyub rukun kawawas kaya ing ngisor iki.

Manawi wonten ingkang gadhah titikan aksara U wau watak jatmika sarta asih tresna dhateng yayah rena, kadang kadayan pawong mitra,, (kaca 20)

Cuplikan mau, yen titikan aksara U iki nduweni watek kang anteng, tetep trapsila, tresna asih marang wong tuwa, sanak sedulur, lan kanca kang caket. Saengga ing urip bebrayan antarane manungsa siji lan sijine bisa tuwuh kahanan kang ayem tentrem lumantar rasa tresna asih kang ndadekake guyub rukun.

Ana kalane manungsa uga bisa ngalami munggah mudhune ing kabecikan, nalika teka ing pasulayane, bisa ndadekake asate kabecikane manungsa, kaya kang kababar ing cuplikan iki.

.....ananging teka wonten pasulayanipun ing poncajati yen kirang kulinanipun. Mandarbe sat ing kasaenan gangsal prakawis. Mila makaten jalaran sampun kalebet ing paribasan. Kadhingan tuwuh, tegesipun. Dereng mongsa sampun kathukulan budi pakartining ngelmi, satemah ura boten magepokan utama, mila kedah saranti ing pamardi manawi sampun wanci.(kaca 20).

Paribasan kadhingan tuwuh ing cuplikan kasebut ngandharake yen menawa durung wancine nanging wus tuwuh dhisik. Durung wancine mongsa nanging wus kathukulan budi pakertine ngelmu. Ing wasana bisa dadi wudar saka magepokan kang utama. Mula ing kene kudu tulung tinulung anggane ngudhari ateges bisa mbiyantu anggane tumuju ing tumindak kang becik, saengga bisa dadi, masyarakat kang tansah guyub rukun.

c. Piwulang kang Gegayutan karo Pangeran

Piwulang kang gegayutan karo Pangeran iki minangka perangan kang paling pribadhi, jalaran ing kene manungsa gegayutan langsung marang Pangeran kang nyiptakake manungsa lan saisining jagad raya. Anggone nyikapi minangka makhluk ciptakane Pangeran ing antarane yaiku kanthi cara percaya lan mituhu.

(1) Percaya

Percaya ing kene ditegesi minangka keimanan kang kuwat yen kabeh samubarang kang ana ing donya iki asale saka Gusti, bakal bali menyang Gusti kang Akarya Jagad. Percaya yaiku rasa ati. Rasa percaya bisa tuwuh

sajrone ati, amarga pangertene indera kang nengsemake, dipikir, disadari lan ditimbang dening pikiran.

Rasa percaya bisa diperang dadi telu, yaiku percaya karo dhasar fakta kang nyata, percaya karo dhasar fakta rohani, lan percaya karo dhasar fakta kang nyata (Tanpoaran, 1988:22). Kanggo andharan ing sub bab iki ngenani ajaran kang gegayutan karo Pangeran, mula kang bakal dirembug yaiku ngenani percaya kanthi dhasar fakta rohani. Dhasar fakta rohani iki, ngrembug ngenani percaya tumrap anane samubarang, percaya yen bakalan dumadi sawijine kedadeyan, lan percaya marang samubarang utawa pawongan.

Percaya kang gegayutan karo Pangeran adhehasar fakta rohani, kaya kang kaandharake ing saperangan isi saka *Serat Wasita Basa*. Andharan kababar kaya ing cuplikan ngisor iki.

Aksara la dipunkeratani lina ing mongsa, tegesipun pejah dumugining wanci, dipunpralambang malih, rengat tekap. Tegesipun yen sampun dumugi kajengipun kerep nepsu. Pralambangipun malih tumungkul teja ngunguwung, punika yen gadhah Subrata nglalu tanpa wates. (kaca 34-35)

Saka andharan kasebut, aksara LA diarani lina ing mongsa yaiku ilang utawa sirnane wektu. Bab iki ngandharake yen wanci tumekane pati tumrap manungsa, dilambangake kanthi rengat. Manungsa lan kabeh ciptane Gusti kang urip ing alam donya iki bakalan mati sarta bali menyang Pangeran Kang Akarya Jagad. Antarane manungsa siji lan sijine wancine pati mesthi beda-beda, nanging kabeh pasti ngalami jalaran saben manungsa wis ginaris dhewe-dhewe.

(2) Mituhu

Saperangan gancaran sajrone *Serat Wasita Basa*, uga ngandharake ngenani mituhu amrih bisa slamet ing donya lan akhirate. Cuplikan kang kababar ing *serat Wasita Basa* kaya ing ngisor iki.

Aksara sa dipunkeratani sasetya tuhu mamrih ayuning sasami, tegesipun cipta tumemen amrih kamulyaning sasami, dipunpralambang malih asrep karatone, pikajengipun ingkang gadhah aksara sa wau lepas lembuting budi, wasis lantip ing driya, sedhep manis pangandika rahayu bawa lekana tulus ambeg arja. Karem dhateng pangawikan kasaenaning sasami, sajuga ing galih utama mangayemi dhateng pangayomanipun, ajrih ing pangagengipun. Ageng wahyunipun mintir ingkang rijeki, kinasian ing gusti, kinalulutan ing sasami, dipunpralambang malih. Sasmita lantip ing karya tegesipun sugih ing pagrahit, tur sedheng kuwanenipun. Manawi kapengkok mitayani....(kaca 32)

Cuplikan mau, nuduhake yen wong kang tansah setya tuhu marang PangeranE iku kanthi tujuwan supaya slamet sapa-dha-padha. Ateges ing cipta kang mepeng supaya antuk kamulyaning saka Gusti. Bab iki dipralambang kraton kang adhem. Kraton kang adhem iki nggambarake kaya atine manungsa kang mituhu, saengga atine tansah ayem tentrem. Kekarepan saka andharan kasebut, nduweni budi kang alus, pinter, landhep ing atine (bisa tumanggap), seneng ing kabagyan sarta netepi apa kang dadi ujar tulus watek kang tentrem.

Saka sipat kang kaya mangkene iki bisa nggawa dhateng pangerten kang sae marang sapa-dha-padha. Siji ing ati kang utama yaiku bisa gawe ayem marang kang ngayomi yaiku Gusti Kang Murbeng Dumadi. Ajrih marang Pangerane minangka kang nyiptakake manungsa sarta sakabehe kang ana ing alam donya iki. Yen manungsa bisa tansah mituhu kaya kang diandharake, bisa antuk wahyu kang gedhe saengga bisa ndadekake rijeki bisa lancer, mili kaya banyu. Saliyane iku uga dadi ditresnani dening Gusti, diluluti dening sapa-dha-padha.

Saka andharan ngenani percaya lan mituhu miturut Serat Wasita Basa iki bisa dadi tuntunan tumrap uripe manungsa. Bisa dimangerteni yen percaya ing kene ditegesi minangka keimanan kang kuwat yen kabeh samubarang kang ana ing donya iki asale saka Gusti, bakal bali menyang Gusti. Rasa percaya iku bisa ndadekake wong bisa tansah mituhu marang Gustine. Mituhu iki bisa nyingkirake sipat-sipat kang kurang becik. Mula antarane percaya lan mituhu iki kalebu ing ajaran kang gegayutan karo Pangeran jalan kekarone tumindak kasebut nduweni sesambungan kang caket.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Asiling panliten nuduhake deskripsi naskah, suntingan teks, sarta ajaran sajroning *Serat Wasita Basa*. Saka asiling deskripsi naskah bisa mangerteni kahanane naskah isih wutuh lan aksarane cetha banget. Naskah iki kaperang ana 45 lembar, wujud gancaran lan ditulis tangan. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa anyar kang kacampuran tembung Kawi, tembung Sanskerta, lan tembung Arab.

Suntingan teks ditindakake kanthi pamarekan filologi moderen nggunakake edisi diplomatik. Trap-trapan kang ana sajroning suntingan yaiku lelandhesan transkripsi, asil suntingan, aparat kritik, komentar. Asiling suntingan teks *Serat Wasita Basa* ngasilake 41 tembung kang bisa dikritik, nanging kang diwenahi komentar 36.

Piwulang kang kinandhut sajroning *Serat Wasita Basa* iki kang ana sesambungane karo etikane wong Jawa yaiku kasampurnan, mula sajrone analisis iki diperang

dadi telu, yaiku (1) piwulang kang gegayutan karo awake dhewe kaperang dadi 6 sub yaiku (a) hawa nepsu, (b) andhap asor, (c) budi luhur, (d) ngelmu, (e) ati-ati, lan (f) waskitha; (2) piwulang kang gegayutan karo masyarakat yaiku ngandharake ajaran ngenani guyub rukun. (3) piwulang kang gegayutan karo Pangeran kaperang dadi loro, yaiku (a) percaya, lan (b) mituhu.

2. Pamrayoga

Panliten iki isih adoh saka aran sampurna, jalaran ing panliten iki mung nlihi saperangan ngenani piwulang-piwulang kang kena dadi tuntunan tumrap manungsa kang urip ing alam bebrayan sajrone *Serat Wasita Basa*. Mula saka iku, panaliten iki isih akeh kekurangane, senajan kaya ngono panaliten iki diajab bisa menehi sumbangsih tumrap panaliten-panaliten naskah tradhisi sabanjure.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta
- Baried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: BPPF
- Bashori, Akmal. 2013. 'Pendekatan Hermeneutika: Pendekatan Ilmu-Ilmu Keislaman'. *Makalah tidak diterbitkan*. Semarang: PP IAIN Walisongo
- Basir, Udjang Pr.M. 2010. *Sosiolinguistik: Pengantar Kajian Tindak Bahasa*. Surabaya: Penerbit Bintang
- Budiono, Herusatoto. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya
- Djamaris, Edward.1996. *Nilai Budaya Dalam Beberapa Karya Sastra Nusantara: Sastra Daerah Di Kalimantan*. Jakarta: PT. Gramedia
- 2006. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama
- Hadiatmaja, Sarjana. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah
- Hasbullah. 2005. *Dasar-dasar Pendidikan*. Jakarta: Raja Grafindo Persada
- Kadini. 2002. *Ajaran Tasawuf dalam Naskah Suluk Sidaresmi*. Skripsi ora dimomot. Surabaya: JPBD FBS Unesa.
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Rineka Cipta
- . 1985. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

- . 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nimpuno, Mirya Anggraeni. 2008. *Serat Wasita Dyah Utama : Suntingan Teks dan Analisis Ajaran Keutamaan Hidup*. Semarang: Universitas Diponegoro
- Padmosoekotjo, S. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti
- Purnomo, S.Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.
- . 2011. *Kasusastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rosyid, Akhmad Dimiyati. 2004. *Kunci Sukses Pendidikan Masa Kini*. Surabaya: Roddas Media
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa: Rekonstruksi normative-idealistis*. Yogyakarta: aditya Media publishing
- Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press.
- Sudardi, Bani.2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia.
- Sumaryono, E.1999. *Hermeneutik. Sebuah Metode Filsafat*.Yogyakarta: Kanisius
- Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa: Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijakanaksanaan Hidup Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Suwarni, Sri Wahyu Widayati. 2011. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: penerbit bintang Surabaya
- Tanpoaran.1988. *Sangkan Paraning Dumadi*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo bekerja sama dengan Paguyuban Sosrokartanan Surabaya
- Tebba, Sudirman. 2007. *Etika dan Tasawuf untuk Meraih Ketenangan Jiwa*. Banten: Pustaka irVan
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2009. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius
- Tirtaraharja, Umar dan La Sulo, S.L. 2005. *Pengantar Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.